

Ingingo 7 utegerezwa kumenya ku biraba Incanco za COVID-19



Ingingo #1 Incanco za COVID-19 ntizogutera COVID-19.

Incanco za COVID-19 nta muce w'umugera zifise, ubwo rero ntizishobora gutuma urwara COVID-19. Incanco za COVID-19 zigukingira umugera. Urashobora kugira inkurikizi nyuma yo gucandagwa, nko kubabara ku kuboko canke kwumva ufise umucanwa. Ibi nta gitangaje kirimo kandi ni ibisanzwe.



Ingingo #2 Incanco za COVID-19 nta mpanuka zokwega, naho zakozwe ningoga.

Nta ntambwe basimvye mu gukora incanco za COVID-19. Abahinga muri siyanse bo hirya no hino kw'isi bakoze muri ubu buhinga mu myaka irenga icumi. Iyi niyo mvo yatumye bishoboka gukora urucanco rutagira inkomanzi kandi rukora neza rugaca ruboneka ningoga.



Ingingo #3 Incanco za COVID-19 urashobora kugukingira imigera irenga umwe yihinduye.

Imigera irahinduka, canke ikagira amahinduka, mu kiringo kinaka. Amakuru yerekana ko incanco za COVID-19 zishobora gutsinda imigera yihinduye twabonye gushika ubu y'umugera utera COVID-19.



Ingingo #4 Incanco za COVID-19 ntizihindura ADN yawe.

Incanco za COVID-19 ni incanco za mRNA kandi ntaho zihurira na ADN yawe mu buryo bwose. Zirakabura inyishu yo kwikingira bigatuma umubiri uhingura abasoda b'umubiri kugira bakurinde ntiwandukizwe COVID-19.



Ingingo #5 Incanco za COVID-19 nta sano zifitaniye no kuba ingumba canke gukorora imbanyi.

COVID-19 ntiyateye abagore bagize uwo mugera kuba ingumba, ubwo rero nta mpamvu yotuma wiyumvira ko urucanco rwatara kuba ingumba. Hari amakuru amwamwe yakwiragijwe kuri Internet **atari ukuri**; avuga ko indemamubiri iri mu rucanco itera ikonona indemamubiri iri mu ngoyi. **Ibi ntabwo ari ukuri**. Igitigiri gito ca aside yo mu bwoko bw'amino mu ndemamubiri zompi ntiyatera iyo nkurikizi. Incanco za COVID-19 ntizageragejwe ku bagore bafise imbanyi, mugabo abagore bafise imbanyi ntibacandagwa izindi ndwara mu gihe bibungenze. Abagore bafise imbanyi baba bahakwa cane kugira ingorane zo kugwara bikaze COVID-19 kandi hari ivyago vyuko yokwandukiza COVID-19 uruyoya rwiwe rumaze kuvuka. Yaga na muganga wawe yihweze nimba ushobora gucandagwa.



Ingingo #6 Incanco za COVID-19 ntizirimwo injorogo zitekeye amakuru ahinyikiye mu biharuro canke utwuma dutahura aho umuntu ari.

Amakuru yo kubesha ko incanco za COVID-19 zirimwo injorogo zitekeye amakuru ahinyikiye mu biharuro canke utwuma dutahura aho umuntu **batahuye ko atari ukuri**. Turazi neza ata kwibesha ibiri muri buri rucanco. Urutonde rw'imiti iri muri buri rucanco urashobora kurubona [kuri internet](#).



Ingingo #7 Abantu bafise uburwayi canke barwaye indwara zidakira bategerezwa gucandagwa ningoga hageze ko bacandagwa.

Hamwe woba ufise indwara idakira, nka diyabete, urahakwa cane gukomererwa n'indwara ya COVID-19. Incanco za COVID-19 nta nkomanzi kandi zikora neza mu bantu bafise indwara canke uburwayi budakira.